


Kitab Suci Bocah nyuguhaké



Tembok Agung Nehemia



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: Jonathan Hay
Alastair Paterson

Dibesut déning: Mary-Anne S.

Diterjemahaké déning: Maryudha

Diproduksi déning: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Kowé duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,
waton ora kanggo diedol.

1


Persi, bangsa sing kuwat, mrentah donya.
Lan Raja Artahsasta mrentah Persia. Sing
ndadekake dhèwèké dadi panguwasa paling
kuat ing donya. Salah sawijining pambiyantu
utama raja yaiku wong
Yahudi sing jenenge
Nehemia. Tugase nyicipi
panganan raja kanggo
nglindhungi raja saka
kamungkinan keracunan.



2

Ing sawijining dina, Nehemia sowan ing ngarsane raja kanthi rai sedhik banget. Raja kepengin ngerti apa sing salah. "Dhuh raja, mugu Paduka gesang ing salawas-lawase," ujaré Nehemia. "Kula sedhik amargi kutha ingkang disarekake bapa kawula sampun risak lan gapuranipun sampun diobong."

Nehemia ngomongke bab Yérusalèm, sing wis dirusak merga perang pirang-pirang taun sakdurunge.




3

Raja Artahsasta ndangu, "Apa sing kokkarepake?" "Kula keparenga kesah datheng Yérusalèm supaya saget mbangun malih," panjaluke Nehemia. Raja Artahsasta sarujuk. Dhèwèké uga menehi surat-surat resmi marang Nehemia kanggo nglindhungi dhèwèké wektu lelungan.



4

Raja malah nulungi. Dhèwèké menehi layang marang Nehemia kanggo Asaf, sing njaga alas-alase raja. Asaf didhawuhi nyediakake kayu kaya sing dijuluk Nehemia kanggo mbangun tembok kutha.



5

Bareng Nehemia wis tekan ing Yérusalèm, banjur nglumpukake para panggedhéning kutha lan kandha, "Kula sami nandhang kasangsaran ing ngriki. Kutha punika rubuh lan gapura-gapuranipun sampun kobong. Monggo kitha sami yasa malih."



6

Dhèwèké ngandhani wong-wong mau yen Raja Artahsasta nyarujuki, lan sing paling penting, Gusti Allah ana ing sisihe.



7

Iman lan semangaté Nehemia mesthi iso nginspirasi wong-wong mau. Banjur padha sarujuk, ngandika, "Ayo padha mbangun maneh." Nehemia ndhawuhi saben kulawarga bab tembok sing endi sing kudu didandani.



8

Nanging, ora kabeh wong sarujuk kanggo mbangun maneh tembok. Ana wong sing jenenge Sanbalat, lan kancane loro Tobia lan Gesyem, dudu wong Yahudi sing ora gelem temboke



dibangun maneh utawa gapurane didandani.

9


Bareng pegaweyan mau diterusake, Sanbalat nesu banget. Dhèwèké lan kanca-kancane padha moyoki wong Yahudi. Tobia ngomong, "Yen wis rampung mbangun tembok sing ringkih iku, siji rubah cilik bakal iso ngambruke." Nehemiah ora mangsuli. Nanging, dhèwèké ndedonga supaya Gusti Allah



bakal ngatasi wong-wong mau.

10

Nalika poyokane ora ana pengaruhe, banjur padha sekuthon arep nyerang Yérusalèm lan nuwuhake karibedan sabisane. Nehemia ndonga maneh njaluk bantuane Gusti Allah. Dhèwèké uga masang penjaga awan lan wengi, supaya ora kaget.



11

Wong-wong Yahudi padha nyambut gawe kanthi semangat, nganti kesel. Sawetara wong dadi wedi yen mungsuh teka lan mateni wong-wong mau nalika lagi nyambut gawe. Nek ngono, Nehemiah ora bakal mungkasi pagaweyan iki. Dhèwèké ndekok pengawal kanggo njaga wong-wong sing kerja sarta ngelingake yen Gusti Allah ana ing sisihe lan Gusti Allah luwih kuwat tinimbang mungsuh!



12

Nehemia nyoba dadi tuladha sing apik. Sanadyan Raja Artahsasta wis ngangkat dhèwèké dadi gubernur ing Yérusalèm kanthi wewenang nuntut pangan lan pajek soko rakyat, nanging ora ditindakake. Dhèwèké mung kerja keras bebarengan karo wong-wong nalika mbangun tembok maneh. Dhuwite dhèwè nggo tuku panganan.



13

Pungkasane, wong-wong rampung mbangun tembok, lan mung kari lawang sing kudu dipasang ing gapura utama. Bareng Sanbalet, Tobia lan Gesyem krungu yen temboke wis ora ana longkangan maneh, banjur padha ngrancang arep nglarani Nehemia.



14

Wong-wong mau ngirim pesen marang Nehemia supaya ketemu ing panggonan sing disebut Ono. Nanging Nehemia ngerti nek wong-wong kuwi arep ngapusi dhèwèké supaya metu saka kutha lan bisa nglarani. Nehemia nulis balik marang wong-wong mau yen dhèwèké ora bakal ninggalake pagaweyan kanggo ketemu karo wong-wong mau.



15

Tembok kasebut akhire rampung, lan Nehemia ndekkek pengawal kanggo nglindhungi. Dhèwèké uga nggawe aturan supaya gapura ora dibukak nganti srengenge mungah.



Ing wayah wengi, gapurane kudu ditutup lan palang.

16

Saiki, kuthane wis aman, akeh wong Yahudi sing dibuwang neng endi-endi bali menyang Yérusalèm. Nehemia mesthine seneng banget merga wis rampung tugase sing diparingke Gusti Allah marang dhèwèké, senajan akeh alangan. Dhèwèké tetep manggon ing Yérusalèm lan nulungi wong-wong supaya tansah manut marang Gusti Allah.



17

Tembok Agung Nehemia

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Nehemia

“Kawedharipun pangandika Paduka punika madhangi.” Jabur 119:130

18

Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsane yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowé, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggale, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yésus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné: Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Muhi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadahi gesang énggal ing wekdal punika, lan bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminipun. Muhi mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16

20

Cunthel

35



60

19